SAMBA DIOP
COMPARATIVE LITERATURE DEPT.
University of Massachusetts at Amherst

Transcription of TAPE # 1HWJ 88 in WOLOF
. History of Waalo
. Genealogy of the Joob Family



# COSAANU REWUM WAALO

## Dëkkaayu rèwum Waalo

Bu ñu délo ci cosaan, nit yi nékke fi ci rèwmi, ñi ngi jogé Egypt, ci boru dëq gu ñuy owé Nil. Li ñiy taqa mëna xam lolu, moy so xolè sunuy santa ak santu wa Egypt. Su ñuy santa ak santu wa Egypt ci jamanoy Firawna yi, béne lañu: Banlansaar, Saar, Keyta, So, Fal, Joob...

Nit yi ñi ngi jogé Egypt ci boru juromi tèmèri at ba laa yonént Issa juddu, bi ay doqandèem songè rèw mi, ba yaqoko.

Nit yoyu jogé Egypt, dañu don dëkke di dukki, di dëkke di dukki ba aksi ci Gaana. Fofa, ñu tabaq fa rèwum Gaana; Gaana nak, dunde na [illegible] mat ñénti tèmèri at ba ci juroom béni tèmèri at.

Bi rèwum Gaana tassè, ñu jogaat, di dëkke di dukki, di dëkke di dukki, jaar Sahara ak Mooritani. Fi nit ñoñu mujè toqoo juuru si fii ci waré bi, mi ngi tolu ci juroomñaarfuki kilomètar ak Rosso. Bëreb bobu, ñi ngi kay woq Togomonte, Naar yi di ka woq Tigimaatin. Togomonte mi ngi ci yonu Nwakshot.

Bi nit yo yu jogè Togomonte, dañu sance dëkku kaay bu ñuy woq Cèenu, ci boru dëq gi.

Ci jamono yoyu, doq yomboon na, ndaqté xur yi dèe ci Ganaar (Mooritani) yëpp, ay déq lañu won; ndoq jafé wul won. Xur yoyu yëpp, bèkor mo lèn réy.

Bu fékon ni ci jamono yoyu ndoq da fa jaféwon, doq du yombe.

Bi nit yoyu aksè fi ci Waalo, dañu tok; dématu ñu féne.

Féppe lañu sancon: ñilé dëkke ci fu ñuy woq Kañaar, (ci wétu Xomaak), ñi sanca Cèenu ak Ngéwu, ak Njurbél, ak yénèni dëkke yu baré.

Nit yoyu, dañu tok fii ci rèw mi, yaga fi lol. Ala bi, fo fi dugge rék, ci ñaaru boru déq ġi, fo fi dugge, daa xam ni fii dëkke fi néwon, ndaqté di nga gis mandarga bu lay won ni nit dëkkon na fi: lu mél ni ndaa, ay péru garab, ak yénèni yénèen (ayy)...

Biñi fi togè ba nga xam ni sëqe na ñu ba baré, ñu toppe sowu janta bi.

Nit yoyu toppe sowu janta bi, ño méñe Kayor, méñe Bawol, méñe Siin, méñe Jolof, méñe Saalum, juuri ji ba Cap-Vert. Wa Kasamaas rék ño jogé wul Waalo; ñom, ñi ngi bokke ci rèwum Manding (rèwum Mali).

Ñi ci dés ñëpp, Sénégal yëpp, Waalo lèn méñ, fi lañu jogé. Nit ku xam cosaan, bu nit nékkè ci Saalum, yaw nga nékke fi ci Waalo, buñ kay wëy, da fa mél né yaw la ñuy wëy. Lolo loy won né ñoñu nékke fo fa (ci Salum), fii la ñu jogé.

Kon nak, ku ñuy wëy ci Kayor, da fa mél né yaw la ñuy wëy. Bu fékkè ni da nga cosaané Waalo, yèna bokke béne maam bi ñiy wëy. Lolu mo lay won ni itam, fii lañu jogé dém fa.

Tabaqum rèwum Waalo: pal yi, ndono, mèñ, diiné ak ngëmèl, njiit ak topanté.

Bu ka défè, taka bi nga xam ni mom la ñu su ñi kilifa yi joq, bi ñiy laata fal Baraak (Njajaan Njaay moy Baraak biñi njëkke fal), mom Baraak dolèm, walam ak warugar bi nga xam né mom lañu suñu kilifa yi joq, mo yor kurèelu xaré. Ndaqté biñ kay laata fal, fékke na fi pal ci rèwmi, fékke na fi nguur. Di nañu délusi ci Njajaan.

Pal yi, da fa am pal yu baré; ñéti pal ci Waalo moy palu mèñ, ñét; yi ci dés yëppe, géño lañu. Pal yu gëna mak ci rèwmi ñoy palu mèñ, méña ka mom. Ñéti pal la:
Bi jiitu moy JOGOMAAY. Bi ci toppe moy JAWDIN. Bi muje moy BARAAK.

Pal yi nak, baré nañu. Ndombu tankke yi baré nañu; man naa la ka limël yëpp. Wanté yi si dés yëpp, géño lañu, duñu mèñ. Mèñ yi, ñoy ñéti pal yoyu ma la waq (Jogomaay, Jawdin ak Baraak).

Ñéti pal yoyu, bo gisoon mak ñi défone ka ci mèñ gi, ci jigène yi, dañu bañone goor ñi tilimal ko. Bu fékè ni goor gi gis na lu mu bëgge, ta am lu doq digéntèem ak lolu, man na tilimal ngur gi. Lolo taq ñu jël pal gi déf ko ci jigène ñi.

Bo jëlè fi nga wara jëlé, sa dom ak sa jarbaat yëppe yém ci yow; ku ci nékke mën na tok ci sa togu kaay; bo ko déful nak, sa doma kay yëk, sa jarbaat du yaqu. Sa jigène fu mu

wara dugge rék lañ kay dugel. Ci jamono yoyu, jigène momul won boppam.

Palu géño yi nak, dañu baré; amna: Bècco (guwernooru prowins), Barlof, Bérsi, Kajj ak Jombonaq. Jombonaq mo don yonèel bi (ambassadeur). Jombonaq, mi ngi nékone Dagana. Mo don doq digënté Fuuta ak Waalo. Jombonaq, jombo nga naq. Bècco, Ros-Bècco la daan nékke; Barlof mi ngi won Dundu Jalang; Bérsi, ñaari dëkke la amon: Xuma ak Dijèri; Kajj mo momon li dalé ci Gorom jëm Ndar.

Amon na bénène ndombo tankke bo xamné ndobo tankku Géño lawon, ñu kay woq Maalo; Maalo, mo yoron kom komu rèw mi. Mom ci wa Bawar la bokon, ndaqté ci këru Jogomaay la bokon. Mo daan dénce alalu rèw mi. Alal ji Maalo yoron, daan na jogé fu baré. Lémpo amul won. Amon nañu lu ñuy woq Kubbel; mom la Tubab yi daan féy. Dundu buur yi, mi ngi daan jogé ci dëkke yi.

Waalo nak, amul won bur; maanaam ni Tubab yiy woqè buur, ci jamono yi nga xamné Tugel béne buur, béne nit mo ka momon. Fi ci Waalo, nguur gi, dañu ka xajélé won ci ñéti fana: fanum éksékutif, fanum lésislatif, fanum xaré; maanaam Jogomaay, Jawdin ak Baraak. Jawdin nak, rakku Jogomaay la won. Jawdin ak Jogomaay ño ëppon dolé ci rèw mi.

Bu xèq mësaan am itam, Baraak modaan jiité xèq bi; wanté domu bur yi ma la woq yëppe (guwérnërun prowins), ku nékke déy am taalam ak ay nitem ci wétam; kénèn safaram ak ay nitem, kénèn safaram ak ay nitem. Wanté ñom ñëppe, Baraak molèn daan jiité.

Buñu délu sè ci Maalo, mo daan dénce alalu rèw mi. Alalu rèw mi nak, mingi mél né loqam ni lii dan ko féréwli (lu amul borom), doq ba bur ték ci loqom; lolu yëpp, ci alalu rèw mi la bokon: muy nak, muy fas, muy bëy.

Ci jamono yoyu, lu don alal modon wurus, xar, bëy ak jaam.

Wurus nak, fi mi daan jogé baré na. Boba, nit ñi baré na ñu wurus. fu mél né Bambuk ak Gaana. Bë bësub téy bii saq, amna bëreb yo xamné lèlèk, ay mbanu wurus yu fa sulu won, fèñ fa. Ay génc la won. Boba, nit yaa nga jogé Egypt ak Gaana.

Buñu délu sè ci pal yi, am na yénè ni pal. Pal yoyu moy SIPP ak MBAWAR. Sipp moy mèñ mi, Mbawar moy palu géño.

Sipp ak Mbawar, ci la Jogomaay géné, ci la Jawdin géné, ci la Maalo géné, ci la Barlof géné, ci la Bècco géné, ci la ndombo tankke yëppe géné.

Mèñ yi daan falu yëpp, ño bokke béne xèt bi. Daayira bi daan fal, ñii ñooy jiité waayé ñii ñoo daan tèwé itam, ñoom ñëppe ka daan bokke. Mèñ mè ka daan jiité, Géño gi toppe ci, wanté ñoom ñëppe ci daan ande.

Li woor moy dé, amna ñaari ndombo tankke yo xamné kéne xamu ci ku ci ma sa falu ba paré folèku; modi: Jogomaay ak Jawdin. Ñi si dés ñëppe, dan laa dèn fal di lèn foli. Ñaar ñoñu rék (Jogomaay ak Jawdin) laa xamné ku ci mëse falu, dè mo la fay jëlé, ki wara tok ñëw tok.

Baraak dan ka daan fal di ka foli. Dan la daan fal, nga doqal lu lèn nèqul, wala jaru lo fu jub, ñu dindi la, ték fa kénèn. Kiy falo ci mèñ ak kiy falo ci géño duñu béne.

Ci sufu gor ñi (Sipp ak Mbawar), Baadolo yi ño fa nékon. Baadolo nak, amul dolé, da ñu kay yilif. Baadolo yi, sèn ligëy modon bëy, samme, nappe ak rëbbe. Lolo don cëru Baadolo yi.

Cëru Buur modon buntu fétalam. Buntu fétalam ak samme rèwam ndaq ñu bañ ko ndangu ci loqom, bañ ko jappe déf ko jaam; manaam, aar boppam. Baadolo bi nak, boppam la daan ligëyel; buy bëy, boppam lay bëyel; buy nappe, boppam lay nappal; bu amè juram di ko samme, boppam la kay sammal. Du téré nak Baadolo bi, lu mu am, Buur am na lu tolu nonu wala lu ka ëppe. Am am bi Baadolo bi am di ci dunde, Buur mun na am lu tolu nonu di ci dunde. Wayé nak, du taq Buur yémak Baadolo ndaqté mo yoré rèw mi. Baadolo nak, daanul féy Buur mu di ko samme.

Bunu aksè ci gëwel yi, amna ci ñu am xam xam bu baaq; wanté xam xamu gëwel ak xam xamu gèer du béne. Gèer ñi nak, amna ci ñu am xam xam bo xamné du ñu yëketi sèn boppa, daan kénèn; lu am rék la ñuy woq. Cosaan balay nèq, nga woq ka ni mu amé.

Buñu délu sè ci Njajaan, mom moy Baraak bi ñu njëkke fal. Bi ñiy laata fal Njajaan, féke na fi pal ci rèw mi; féke na fi nguur. Nguur gogu nak, ñi ka yoron, ba Njajaan ñëwè, ñom ño ko fal. Nguur gogu, ñi ka yoron, nguur gu toppon ci sèn ganaw la; du nguur gu lèn jiitu won. Bi Njajaan lata ñëw, féke na fi Jogomaay ak Jawdin.

Bi rèwum Waalo judo, ñu jël Njajaan yobu ka Jolof. Bi Njajaan laata ñëw, pal gi amon na fi ñénti tèmèri at (400), muy soga ñëw.

Lutaq ñu fal Njajaan, dafa am ay fana yu baré ci pal gi taq ñu fal Njajaan. Fana yoyu, bi ci jiitu, modi Njajaan, kèn wérénté wul né gor la, ndaq xuréysi la. Kén wérénté wul né borom xam xam la. Kén wérénté wul né amna fit. Bi mu soobo ci déq gi, andak ndoq mi, ak garab yi, ak ñaq mi, ak ala bu ñange bi, bu amul won fit, du ka déf, bu amul won xam xam itam, du ka mën. Mi ngi tèrè ci fii ci Méngèñ, ci boru déq gi, ci wétu Ndar. Fit gogu, ak ngor gi mu amon, ak xam xam gi, mo taqon Waalo tanon ka. Mo taqon ñu fal ko, xam né kii gor la, am na xam xam, am na fit. Ndaqté ñéte yoyu lañ daan fonkè nit: ngor, ñambar ak xam xam. Ñéte yoyu lañ daan fonké nit.

Njajaan nak, du won buur, mo yoron mbirum xaré. Baayu Njajaan da fa dikon ci dëkke bu ñuy woq Gédé. Fofa, mu dajé faak boppu dëkke ba ñu kay woq Abram Sal. Abram nak mo jël domam bu ñuy woq Fatumata Sal, may ko Njajaan. Nonu la Njajaam ñëwè ci aduna.

Waalo nak, mo jiitu ci rèw yi. Mo jëkke Kajor, mo jëkke Bawol, mo jëkke Siin, mo jëkke Saalum, mo jëkke Jolof. Fii la nit ñi jogé, dém fo fu.

Cosaanu Waalo dañu ko yaq ndaqté ni ñu koy woqé, du nonu. Waalo amna jurom béna fuki (60) Baraak. Kajor fanwèr (30) la am. Kajor bu yagul la mom boppam, la ndangu boppam ci Waalo.

Buñu délu sè ci mbirum falu, bufé kè ni mèñ mi wara falu da fa santon Jaw, am bénèn domu buur bu dénce ci mèñ mi, jur ci ku sante Faal, Ko koy falu, Faal la sante. Ci meñ mi la jur; domu buur la wanté santul Jaw. Mo taq mani la du yëpp. Amna wayé du yëpp.

Bu dè walu geño, li gëna wér ci mbirum pal yi, béne pal rék mo ci wor ni béne sante la am: moy Baraak yi, Mboj. Ci Barke Bë ba lègi, Baraak yi Mboj moy sèn sante. Ti itam ñom Baraak yi ñéti nèk la; ëppe na saq ñét, ñént la ndaqté béne nèk bi bo ka xajé, ñaar la. Da fa am Tèjèk, am Logar; Josi ñari nèk la: Josi saq ak Josi Fagu. Kon nak ñénti mèñ la. Ku ci jël, ta sante Mboj, jur ci Baraak. Ñénti mèñ yo yu, ku ci jël jabar, jur ci dom, té sante Mboj, rék daa di jur Baraak, ndaqté mèñ ma la, mo wara falu. Wanté fofu rék la sante amè dolé. Yi si dès yëpp, santa wi mën na nék bép sante (ndaqté ci Baraak ak Jogomaay rék lañu am santa yii: Joob, Mboj, Jaw, Njaay.)

Jawdin santa na Jaw; mom mok Jogomaay ño bokke ndaqté béne nèk la. Ñaari pal yoyu, béne kër la; ñaari jigène yu bokke ndéy ak baay lanu. Ki mak ki jur kii, rak ja jur këlé. Moy Jogomaay ak Jawdin; béne nèk la.

Buñu délu sè ci pal yi, ki falu déy fap jigènam, jabaram, wa la yaayam mu ligëyal ko. Buur yëpp amon nañu Lingèr.

Xaré yi am ci digénté Waalo ak yénèni rèw yi

Xèq yi fi am baré nañu. Waayé li ci ëppe moy kër Aram Bakar, ndaqté ño gëne yage ci palum Baraak. Ñéti domu Aram Bakar yii, sa ma baay nè na ma déf nañu fi tèmèri at ak ñaarfuk, téglé ko; ki jiitu ci ñom moy Yérim Mbañik Aram Bakar.

Bi mi fi jogè, Naatogo Aram Bakar jël. Bi fi Naatogo Aram Bakar jogè, Njaak Aram Bakar jël.

Ñènte la ñu, wanté sène rake bu ndaw, Laam Aram Bakar, mo lèn njëkke dè. Mom la gëwél yi di woy naan:

"Laam galé wul, da fa uté.

"Laam, caatu Aram Bakar galé wul da fa uté"

Ñom ñénte ñëppe, xèq nañù. Falé ci Ndook, fi Ganjol jèqè, (digénté Kayor ak Waalo) da fa amon jaba bu mak buñ fa daan déf at mu néke. Fofu ca Ndok, buñu fa masaan dém rék, xèq fa. Ku ci né ci ñom nak, daqe na fa Damél. Yérim Mbañik mom, da fa daqe Damél ba Kung (boru Gambi); déq ga ka téré jale Gambi.

Naatogo itam, déf na lu mél nonu. Mom itam, xèq na faak Damél; mom mo taq ñu naan:

"Daqe Damél, réndi Tèñ"

Ñom ñénte ñëppe, ku né déf na lolu. Ku si néke door na Damél ba géné ko Kajor, ba duggak mom Siin, ba dugge Salum[1].

Ñom ñénte ñëppe, ci nègu Tèjèk la ñu boke, maanaam méñ um TèJèk.

Xaré yu ci baré, ay xaré mbétèl la; wa la ay xaré yo xamné ci digénté waa rèw mi la.

Waalo, danaka xèqul ak ay yénèn rèw. Rèw yu baré ñémé ñu won Waalo.

Wa Waalo, dañu amon xèqu kaay yu bon; xèqu kaay yoyu, lañ lèn ragaléwon. Nit ñi bu njëkke, ay bante lañuy yatte, di ka jamanté, di ka dëbenté. Waa Waalo, ay kajje lañu daan jamé. Kajje yi, buñu ka ligëyè ba paré, daa di ko nandal. Da ngay déf ci sa mbuus lu baré, wut sa bante, yatte bante bi, takka ci buum, takka ko ci sa tégu fas. Bo rofè béne, bo jamè ba mu sës, nga tëyé ci buum gi xëcce, banta bi ñëw, wanté kajje bi dés na ci biir yaramu waa ja. Kajje yi, wéñ la bu ñuy tëgge mu am ay bëñ.

Xaré bi ci gëne bon, moy xaré bi tas Waalo; moy xaré Burjaac. Waalo ci sèn bopp, ño xèq ba jèq; daa na ka xèq bobu saq, ci la tubaab bi momè rèw mi. Tubab bi, bu mi fi ñëwè, ñun momu ñu won. Jëndenté ak jaayanté rék mo amon suñu diggénté. Lolu amna fi ay ati at yu baré.

Ci ganaw gi nak, ci sunu biir, kii di Jawdin Majaw Xoor mo ëndi ay mi ci nèk bi, ci nègu Sirabawar. Dañu xèq xèq bu méti, daa di réyénté ba jèq tak. Tala tuñu won dara. Lolu fék tubab bi yaga na ci rèw mi, xam na politiki rèw mi; nonu lañu momè. Jawdin Majaw Xoor, war na mat ñéti tèmèri at ci bi mu fi nékè ba bësup téy bii (17s.)

Duggënté yi amon ci diggënté Waalo ak Kayor, Siin, Jolof, Saalum.

Waalo mo jiité won rèw yi si dés yëpp. Kayor ak Jolof, ci Waalo lañu bokon. Ci jamonoy Njaajan Njaay, ñi jiité won Waalo, ño jël Njaajan ték ka ci sèn diggu rèw. Ñom ño jël Njaajan yobu ka Jolof ndaq mu jiité xèq kat yi. Jolof mo nékon ci diggu rèwum Waalo. Ñi jiité won rèw mi, dañu bugon Njajaan gëne woné fitam, jalorèm ak woné itam né njiit la.

Baraak Kuli Mbaba Joob moy maamu ñi santa Joob né ci Siin ak Kayor; maanaam ñi santa Joob té doon jiité.

Baraak Kuli Mbaba mo take Fatma Cubu Xuréja Mboj.

Goor Jigèn

Ci séy bobu, mu am si Saaqéwar Fatma Joob

Goor

Saaqéwar Fatma Joob jur Médun Saaqéwar Joob.

Goor Goor

Médun Saaqéwar Joob Jur ñéti dom yu goor: Lat Jor Joob

Goor G

(Damélu Kayor), Saaqéwar Soqna Mbay ak Amadu Yéla Joob.

Goor Goor

Baraak Kuli Mbaba Joob

|

Saaqéwar Fatma Joob

|

Médun Saaqéwar Joob

| Lat Jor Joob (Damélu Kayor) | Saaqéwar Soqna Mbay | Amadu Yéla Joob |
|---|---|---|

Buñu démè ci Siin, Baraak Kuli Mbaba Joob daf fa tak jigène bu ñuy woq Yandé Waagan Fay bu dëkke Njongolor.

Ci séy bobu, Baraak Kuli Mbaba jur ci Marosso Tassé Yande Waagane.

Marosso Tassé Yandé Waagan daa di jur Samba Ňébé Kuli.

Baraak Kuli Mbaba Joob

|

Marosso Tassé Yandé Waagan

|

Samba Ňébé Kuli

Bo sétlo bu baaq, di nga gis né ci Siin, mèñ mi amna fa doolé.